

Nouvo investisman nan sante mantal ak byennèt

04 septanm 2024

Pou kominote Terrapin nou an,

Nan Inivèsite Maryland, nou pa gen lapèrèz. Nou fyè lefètke nou yo se yon kanpis ki pran angajman pou Fè sa ki Byen.. Nou se yon bann entèlektyèl, chèchè, etidyan pou lavi. Sa ki petèt pi enpòtan toujou, nou se yon kominote solidè epi ki pran angajman pou youn sipòte lòt—chak Terp soutni yon Terp.

Se angajman sa a nou pran pou n **envesti nan popilasyon ak kominote nou yo**—yon pilye nan plan estratejik nou an—ki motive inivèsite nou an pou l reyalize yon seri gwo investisman nan sante mantal ak byennèt. Efò sa yo fèt pou bay chak grenn manm nan kominote nou an mwayen pou bay byennèt li priyorite epi pou l devlope nan yon anviwònman favorab.

Yon nouvo gid resous sou sante mantal

Nou santi n kontan pou n pataje yon nouvo resous anliy pou etidyan nan nivo lisans ak mastè yo, pwofesè yo, anplwaye yo, ak paran epi fanmi yo. Nouvo **sit entènèt sou sante mantal** la se yon koleksyon resous sou sante mantal ak byennèt yo mete disponib pou kominote nou an konsènan yon pakèt sijè, fason pou bay sipò lè gen kriz, konsèy, aspè akademik yo, byennèt ak koneksyon. N ap ankouraje w pou w mete sit entènèt la pami sa w prefere yo epi pou w pataje l ak lòt moun.

Pwen fò nou yo

Pandan plis pase yon lane, yon **Gwoup Travay Sou Sante Mantal**, ki gen ladan l, etidyan, pwofesè, ak anplwaye nan tout kwen nan kanpis la, travay san pran souf epi ak prezizyon pou rive konprann pwen fò nou yo epi idantifye domèn pou n amelyore yo lè moman an rive pou n

sipòte sante mantal ak byennèt kominote nou an. An jeneral, yo konstate, UMD gen yon bann pwogram, sèvis ak resous nan kesyon sante mantal ak byennèt ki deja sou pye—epi nou te reyalize anpil gwo pwogrè nan domèn sa a.

MENTAL HEALTH SUPPORT AT UMD

Hired **48% more**

clinical staff in **3 years**



100% increase
in weekly initial
assessments

Nou pral, kontinye ranfòse pwèn fò sa yo, pandan n ap itilize enfrastruktik ak pwogram yo epi pandan n ap elaji kominikasyon yo pou n ka ogmante sansibilizasyon, aksè ak itilizasyon resous yo.

Amelyorasyon kontinyèl

Nou pran angajman pou n pa sèlman konprann nan ki nivo nou ye, men pou n fè sa ki nesèse pou n amelyore tèt nou. Se poutèt sa, nan lane ki sot pase a, nou te deside eseye oswa lanse **plizyè nouvo inisyativ ak resous** ki te fè anpil siksè. Men kèk ladan yo:


- Bay elèv yo yon zouti depistaj anliy ki fèt pou ba yo plis enfòmasyon sou sante mantal yo. Devlopman nouvo fonsyonalite sou sante mantal ak byennèt nan aplikasyon UMD a ankou tou.
- Ogmante nan kantite konseye yo pou ofri yon soutyen ki plis imedya, san wete rekritman anplis nan Sant Konsèy la, ak entegrasyon doktè nan inite akademik yo. Yon nouvo pwogram Anbasadè byennèt nan Lekòl Elèv ki Gradye yo ap bay yon soutyen nan kesyon sante mantal ak byennèt ant etidyan.
- Sipòte pwofesè ak anplwaye nou yo pandan n ap elaji sèvis konsèy la, pandan n ap ofri yon seri pwogram byennèt ak yon seri opòtinite devlopman pwofesyonèl, ansanm ak yon etelye nan sezon ete pou ede pwofesè yo prepare pwogram pou ansèyman ki ankouraje byennèt pwofesè yo ak byennèt etidyan y ap anseye yo.
- Mete sou pye yon seri pwogram pou soutni etidyan yo pandan y ap fè tranzisyon pou yo vin nan lavi inivèsite a, tankou pwogram RADical Health Resilience, yon

pwogram ki dire kat (4) semèn ki fèt pou bay jèn majè yo, sitou etidyan ki nan premye ane yo, konpetans ak rezilyans nan kesyon jesyon estrès.

Nou vle fè tout manm kominote nou an ki bay tan yo ak resous yo pou amelyore soutyen sante mantal ak byennèt sou kanpis nou an konnen, nou rekonesans pou sa. Patikilyèman, manm ki nan gwoup travay sou sante mantal la ki pran angajman pou amelyore kominote nou an, epi n ap voye yon mès espesyal bay Warren Kelley vis prezidan asosye prensipal Seksyon Zafè Etidyan yo, epi Boris Lushniak, dwayen lekòl sante piblik la, pou lidèchip yo anndan gwoup travay la.

Chak manm nan kominote Terp nou an chwazi pou yo la, kit se pou aprann, pou anseye oswa pou travay, epi sa vle di, fè pati yon kominote kote youn ap sipòte lòt. Mès paske ou se yon Terp k ap sipòte lòt Terp!

Lizay,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name being the most prominent.

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Jennifer King Rice". The signature is fluid and cursive, with the last name being the most prominent.

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal ak Rektris

Li (Pwonon feminen)

A handwritten signature in black ink, reading "Patricia A. Perillo". The signature is fluid and cursive, with the first name "Patricia" and last name "Perillo" clearly legible.

Patricia A. Perillo

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo

Li (Pwonon feminen)